

**Aetna Better Health® of New York**  
55 West 125th Street, Suite 1300  
New York, NY 10027



<Date>

<Name>

<Address>

<City, State Zip Code>

**Si w bezwen yon vèsyon ki enprime an pi gwo karaktè oswa nan yon lòt fòm, rele Sèvis Manm nan 1-855-456-9126.**

Llame hoy mismo al **1-855-456-9126**, si usted desea recibir esta carta en español

## **Aetna Better Health® of New York**

Avi anyèl sou chanjman

Chè Kliyan Aetna Better Health of New York,

Nou ta renmen pwofite okazyon sa pou n di w mèsi dèske w kontinye rete manm nan **Aetna Better Health of New York** Managed Long-Term Care (MLTC). Nou kontan pou nou patnè w nan zafè swen sante, e se yon privilèj pou nou sèvi w. Nou soti avi anyèl sa a pou ba w konsèy sou fason ou ka jwenn aksè nan Anyè Founisè Aetna Better Health of New York, fason ou ka anile enskripsyon w nan Aetna Better Health of New York, ak lòt enfòmasyon ou ka jwenn sou sitwèb nou an, [www.Aetna.BetterHealth.com/NY](http://www.Aetna.BetterHealth.com/NY)

- Aetna Better Health of New York kontinye amelyore Rezo Founisè li a pandan ane a. Si ou vle nou voye yon anyè founisè ba ou pa lapòs, oswa si w bezwen èd pou jwenn yon founisè rezo a, tanpri rele Sèvis Manm yo nan **1-855-456-9126**, Pou manm ki gen pwoblèm pou tandè, tanpri rele New York relay 7-1-1.
- Ou kapab tou voye yon imèl ban nou nan [NY\\_MemberServices@aetna.com](mailto:NY_MemberServices@aetna.com) pou fè yon demann. Anyè enprime yo aktyalize chak ane. Tanpri vizite anyè founisè ki sou entènèt la nan <https://www.aetnabetterhealth.com/ny/members/mltc/directory> pou wè dènye enfòmasyon yo. W ap resevwa yon avi lè gen yon chanjman ki konsève w.

### **Avi Anyèl sou Dwa Dezenskripsyon (anile enskripsyon)**

Enskripsyon w nan Aetna Better Health of New York fèt volontèman. Ou ka anile enskripsyon w volontèman nan Aetna Better Health of New York si ou santi ou pa bezwen sèvis swen alontèm ankò, si ou vle transfere nan Fee-For-Service Medicaid oswa nan yon lòt Managed Long Term Care Plan. Si w anile enskripsyon w akòz mekontantman w ak plan nou an, tanpri kontakte Manadjè Swen ou a pou nou ka rezoud nenpòt mekontantman oswa pwoblèm ou ka genyen. Apre ou fin ban nou avi sou dezi w pou w anile enskripsyon an,

**[aetnabetterhealth.com/newyork](http://aetnabetterhealth.com/newyork)**

NY-20-07-21 v4

Aetna Better Health of New York ap ba w yon avi alekri ki konfime ke nou te resevwa entansyon w pou w anile enskripsyon an, epi y ap ba w yon dat efektif pou mete fen nan kouvèti w la. Dat efektif pou anile enskripsyon an ap premye jou nan mwa ki vin apre mwa kote yo te trete demann nan.

Y ap mande w pou w siyen yon Fòm Dezenskripsyon Volontè. Aetna Better Health of New York ap kontinye bay benefis ki garanti yo jiska dat dezenskripsyon an efektif. N ap fè tout rekòmandasyon ki nesèsè yo bay sèvis altènatif, Aetna Better Health of New York pa kouvri ankò, apre dat dezenskripsyon an.

Tanpri sonje ke si w anile enskripsyon an epi w kontinye bezwen sèvis swen alontèm yo, ou pap kapab jwenn sèvis sa yo ankò atravè pwogram Medicaid Fee-For-Service (FFS). Ou ka rantre nan yon lòt MLTC, Plan Mainstream Managed Care (si Medicaid sèlman) oswa yon pwogram sèvis dispans Eta New York, si w kalifye.

Enfòmasyon sa a disponib tou sou lòt fòm. Si ou gen aksè ak entènèt, ou ka jwenn avi sa a tou sou <https://www.aetnabetterhealth.com/ny/> ansanm ak lòt enfòmasyon enpòtan sou plan tankou Manyèl Manm yo.

Sensèman,

Depatman Sèvis Manm  
Aetna Better Health of New York